

Bataaxal bi Yàlla may YUDD, mu bind ko

¹ Man Yudd, jaamu Yeesu Kirist, mi bokk ak Saag ndey ak baay, maa leen di bind, yéen ñi Yàlla Baay bi woo te bëgg leen, te Yeesu Kirist aar leen. ² Na leen Yàlla may yérmande, jàmm ak mbëggeel.

Bàkkaaru ñi weddi Yàlla ak seen muj

³ Samay bokk, bëggoon naa leena bind lool ci mbirum mucce gi nu bokk, waaye lii moo gëna jump: ma xiir leen, ngeen taxaw ci aar mboolem dëgg, gi Yàlla xasa dénk gaayam yu sell yi ba fàww. ⁴ Ndaxte am na ay nit ñu ñeme Yàlla, ñu yoxoosu ci seen biir; dañuy mbubboo yiwu Yàlla, ngir topp seen bakkan, di ci weddi Buur Yàlla miy kenn ak sunu Boroom Yeesu Kirist. Fekk Mbind mi téral na seen àtte bu yàgg.

⁵ Xam ngeen loolu lépp ba noppi sax, waaye dama leen koy fattali rekk. Xam ngeen ne Boroom bi musal na xeetam, ba géenne leen réewu Misra, waaye gannaaw ba raafal na ñi gëmul woon. ⁶ Te it malaaka ya jàppul woon ca daraja ja ñu amoon, xanaa toxoo fa ñu leen dëëloon, Yàlla yeew na leen buum yu sax, tëj leen ci biir lëndëm, di leen nége àtteb bés bu mag ba. ⁷ Noonu itam dëkki Sodom ak Gomor ak dëkk ya leen wëroon, dañoo sóobu ci njaaloo ak di def ay góor-jigéen, waaye àtte bi dal na ci

seen kaw, ba ñuy ay tegtal ci ñiy yelloo sawara ba fàww.

⁸ Naka noonu itam géntkat yooyu may wax ñu ngi sobeel seen yaram, di weddi gépp kilifteef, di xas doole yi ci asamaan. ⁹ Waaye bi Mikayel, miy kilifa ci malaaka yi, di xëccook Seytaane néewu Musaa, bay xuloo ak moom, ñemewu koo àtte, boole ciy xas; mu yem ci wax ko ne: «Na la Boroom bi mbugal!» ¹⁰ Waaye nit ñii may wax, dañuy saaga li ñu xamul. Te li ñu xam ci tañaxu sax, ni bàyyima yu amul xel, dañu ci yàq seen bopp.

¹¹ Nookay torox! Dañoo jaar ci yoonu Kayin, sóobu ci réerug Balaam ngir xaalis, di bañ kilifteef ni Kore, te dinañu dee ni moom. ¹² Su ñu bokkee ak yéen reeru mbooloo mi, dañu ciy indi ay, niy xeer yu nëbbu ci biir géej; amuñu genn gàcce, waaye dañuy giiroo te fonk seen biir rekk. Ñu ngi mel ni xiin yu amul ndox, yuy naaxsaay ci ngelaw; ni garab yu meññul ci jamonoy meññeef, te buddeeku, dee ba wow konj; ¹³ mel ni duusi géej gu mer, yuy gëq jëf yu ruslu; niy biddiiw yuy fàq, te Yàlla dencal na leen lëndëm ga gëna tar ba fàww.

¹⁴ Enog, di juróom ñaareelu maam gannaaw Aadama, waxoon na ci kàddug Yàlla, ba weer leen ne: «Boroom bi wàcce na ca asamaan, ànd ak ay junniy junniy malaakaam, ¹⁵ ngir àtte ñépp, te mbugal ñi weddi ñépp ndax ñaawteef, yi ñu jëf ci ñeme Yàlla; di leen fàttali it kàddu yu ñaaw, yi ñu ko tifaar ci seeni bàkkaar ak seen weddi.» ¹⁶ Duñu noppee xultu, di jàmbat seen

nekkin, tey topp seen nafsu; ay wax yu réy a ngi ball ci seen làmmiñ, waaye dañuy jay ñi ñuy yaakaare njariñ.

Góor-góorluleen

¹⁷ Waaye yéen samay xarit, fàttalikuleen la leen ndawi sunu Boroom Yeesu Kirist waxoon lu jiitu, ¹⁸ ne leen: «Mujug jamono ay tiiñalkat dinañu feeñ, ñuy weddi Yàlla, ngir topp seen bakkan.» ¹⁹ Ñooy féewale, te Xelum Yàlla nekkul ci ñoom; nit kese lañu. ²⁰ Waaye yéen samay xarit, doolewuleen ci seen yoonu ngëm wu sell, tey ñaan ci dooley Xel mu Sell mi, ²¹ ba saxoo mbëggeelu Yàlla, tey séentu yérmandey sunu Boroom Yeesu Kirist, mu tàbbal leen ci dund gu dul jeex. ²² Jubbantileen ñi am werantey xel, ²³ ngeen musal ñale, jële leen ci sawara, te yérëm ñeneen ñi, waaye boole ci moytu, ba sib sax seen yére yi taq sobe.

Yalla moo yelloo ndam

²⁴ Yalla mi leen mana aar ci gépp jeng te teewal leen fa kanam ndamam, ngeen ñàkk sikk te fees dell ak mbég; ²⁵ Yalla miy kenn, di sunu Musalkat, yal na yelloo ndam ak màgg, kàttan ak nguur, jaar ci Yeesu Kirist sunu Boroom, démb, tey, èllëg ba fàww! Amiin.

**Téereb Injiil
The New Testament in Wolof, 2010 version.
Le Nouveau Testament en langue Wolof, révision de
2010**

copyright © 2010 La Mission Baptiste du Sénégal

Language: Wolof

Dialect: Regional Wolof

Translation by: La MBS

For full copyright statement, see <http://sng.al/copyright>

This translation is made available to you under the terms of the Creative Commons Attribution-Noncommercial-No Derivatives license 4.0.

You may share and redistribute this Bible translation or extracts from it in any format, provided that:

You include the above copyright and source information.

You do not sell this work for a profit.

You do not change any of the words or punctuation of the Scriptures.

Pictures included with Scriptures and other documents on this site are licensed just for use with those Scriptures and documents. For other uses, please contact the respective copyright owners.

2020-07-09

PDF generated using Haiola and XeLaTeX on 22 Feb 2024 from source files dated 17 Jul 2020

79742756-9e1e-54a8-8cef-3115026c278e